

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

ومن الرقة : خشوع القلب وكثرة البكاء من خشية الله .  
وذلك وصف شريف ، ومسعى حميد ، به وصف الله أنبياءه  
والصالحين من عباده فقال تعالى : ﴿ إِذَا نُنَادِي عَلَيْهِمْ ءَأَنتَ الرَّحْمَنُ خَرُّوا  
سُجَّدًا وَبُكْيًا ﴾ [مريم : ٥٨/١٩] .

وقال تعالى : ﴿ وَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ يَبْكُونَ وَيَزِيدُهُمْ خُشُوعًا ﴾  
[الإسراء : ١٧/١٠٩] .

Lan kalebet setengah saking riqqoh (tipising manah), inggih punika antengipun manah lan kathahing muwun merga saking rahos ajrih dumateng Gusti Alloh. Inggang mekaten punika sifat ingkang mulya lan lampah ingkang pinuji. Lan kanthi mekaten punikolah Allh anyifati para Nabinipun lan kawulanipun ingkang soleh-soleh. Alloh Ta'ala ngendika:” Nalika diwacaake marang dewekne kabeh (para nabi bani isroil) ayat-ayate Alloh Dzat kang welas, maka dewekne kabeh pada njungkel kanthi sujud lan nangis [QS.Maryam/19:58]. Lan Alloh Ta'ala ngendika: “ Lan dewekne kabeh (wong kang piningan ilmu)pada njungkelaken janggut, lan (al-Qur'an) nambahi marang dewekne kabeh ing rasa khusyu'[QS;Al-Isra'/17:109].

وقد عدّ عليه الصلاة والسلام في السبعة الذين يظلمهم الله في  
ظله يوم لا ظل إلا ظله : « رجلاً ذكر الله خالياً ففاضت عيناه »  
وقال عليه الصلاة والسلام : « كل عين باكية يوم القيامة إلا عين  
بكت من خشية الله ، وعين باتت تحرس في سبيل الله » يعني  
في الجهاد ، وكان البكاء الخالص من خشية الله عزيزاً جداً حتى  
صار بهذه المنزلة من الله مع كثرة من يبكي من الناس ، حتى  
ورد عنه عليه الصلاة والسلام : « لا يلج النار من بكى من  
خشية الله حتى يعود اللبن في الضرع ، وحتى يلج الجمل في  
سمّ الخياط » ، وفي رواية : « من خرج من عينه مثل رأس  
الذباب من خشية الله » وقد سوى عليه الصلاة والسلام بين  
المدمع من خشية الله وبين الدم يهراق في سبيل الله . وورد :  
« لو أن باكياً بكى في أمة لرحمهم الله ببكائه » ، فتبين بما

ذكرناه أن البكاء كثير ، وأن الذي يكون من خشية الله فقط من  
البكاء قليل ، فابك من خشية الله ، فإن لم تبك فتباك . وإياك  
والرياء والتصنع والتزين للمخلوقين فتسقط بذلك من عين رب  
العالمين .

Kanjeng Nabi Muhammad 'alhis solatu was salam ngetang-ngetang kalebet ewoning tiang pitu ingkang dipun lindungi dening Alloh wonten dinten mboten wonten perlindungan kejawi perlindunganipun Gusti Alloh, dumateng tiang ingkang dzikir dateng Alloh kanthi persepen, maka mripat kalihipun ngeluberaken (toya luh). Lan Kanjeng Nabi 'alaihish sholatu wassalam ngendika: Kabeh mripat nangis ing dalem dina kiyamat, kejaba mripat kang nangis merga wedi maring Alloh lan mripat kang sawengi-wengi njaga ingdalem dedalane Alloh, yakni ingdalem Jihad.

Muwun ingkang murni keranten ajrih dumateng gusti Alloh punika awis/langka sanget, sahingga dados mekaten kedudukanipun wonten ngarsanipun gusti Alloh sartane kathahing tiang ingkang muwun, sahingga kasebat saking Kanjeng Nabi 'alaihish sholatu was salam "Ora manjing neraka wong kang nagis merga wedi maring Alloh, sahingga ana puwan/susu bali maneh maring kapure, lan sehingga ana unta manjing maring bolongan dom/jarum". Wonten riwayat sanes "..... wongkang metu saking mripate (banyu luh) sepadane ndas lemu". Lan kanjeng nabi alaihish sholatu was salam nyamekaken antawisipun mripat ingkang medal luh mergi ajrih dateng gusti Alloh, lan rah/getih ingkang dipun ilekaken wonten dalanipun gusti Alloh. Dipun sebataken "Saumpama wongkang nangis iku nangis ana sajeronne umat sewiji, maka Gusti Alloh welas marang umat sebab nangise wong mahu". Maka kanthi punapa ingkang sampun kula terangaken, nyata bilih sayektosipun muwun punika kathah, lan sayektosipun muwun ingkan namung keranten ajrih dumateng Alloh punika kidik sanget. Panjenengan muwuna keranten ajrih dateng Alloh, menawi mboten saged muwun inggih dipun wuwunaken/ dipun tangis-tangisaken.

Panjenengan kapurih ajrih saking riya'/pamer, tashonu'/dipun damel-damel lan tazayyun/mahes-mahesi (enggenipun muwun) dateng makhluk, sebab kanthi mekaten panjenengan dados runtuh saking pandanganipun gusti Alloh pangeraning sedaya ngalam.

وإن عزّ عليك البكاء فتذكّر ما بين يديك من أهوال الآخرة  
التي أنت ملاقيها من غير شك ولا ريب ، إن كنت قد آمنت بالله  
وبما جاء به محمد رسول الله ﷺ ، فسوف تبكي لا محالة إن  
كان لك قلب يفقه ، وعقل يعقل ، فإن لم يكن لك شيء من  
ذلك فاعدد نفسك في الأنعام السائمة في المرعى ، والبهائم  
الراتعة في الكلا ، فإن الله تعالى إنما خاطب أهل القلوب  
وذكرهم ، فقال تعالى : ﴿ إِنَّ فِي ذَلِكَ لَذِكْرٍ لِمَنْ كَانَ لَهُ قَلْبٌ أَوْ  
أَلْقَى السَّمْعَ وَهُوَ شَهِيدٌ ﴾ [ق : ٥٠ / ٣٧] .

Menawi panjenengan kangelan muwun, maka ngengetana pekewuh ingkang wonten ngarsa panjenengan, inggih punika pekewuh akhirat ingkang bade panjenengan panggih tanpa mangmang lan ragu-ragu, menawi panjenengan leres-leres iman dateng Alloh lan iman dateng punapa ingkang dipun asto dening Nabi Muhammad Rosululloh SAW, mangka panjenengan mesthi saged muwun/nangis menawi panjengen kagungan manah ingkang fahaman lan akal ingkang saged angen-angen. Menawi panjenengan mboten kagungan ingkang mekaten (manah lan akal), maka

nggepen slira panjengan kalebet raja kaya ingkang mangan suket wonten pangenan, lan raja kaya ingkang mangan suket wonten suketan, keranten sayektosipun gusti Alloh punika dawuhi lan mituturi dateng tiang ingkang gadah manah. Maka Gusti Alloh Ta'ala ngendika: Temen satuhune ing dalem mengkono kang tinutur (ngerusak panthane wong kafir) iku ana pitutur tumrap wong kang nduwe ati utawa nibaaken ing pengrungu lan deweke iku hadlir (kelawan ati) [QS:Qof/50:37]

وقال تعالى : ﴿ كَتَبُ أَنْزَلْنَاهُ إِلَيْكَ مُبْرَكٌ لِيَدَّبَّرُوا آيَاتِهِ وَلِيَتَذَكَّرَ أُولُوا الْأَلْبَابِ ﴾ [ص : ٢٩/٣٨] . وفي غير موضع من الكتاب العزيز : ﴿ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّا أُولُوا الْأَلْبَابِ ﴾ [البقرة : ٢/٢٦٩] . وهم أولو العقول ، فانظر كيف نفى التذکر عن غيرهم .

Lan Alloh Ta'ala ngendika: (IkiAl-Qur'an) iku Kitab kang ingsun turunaken marang sira , kang berkahi, supaya para manungsa iku pada angen-angen ayate lan supaya ngalap pitutur wong kang nduwe akal sampurna. QS: Shod/38:29]. Lan dipun ngendikaaken wonten sanes panggenan saking Kitab ingkang mulya “ Lan ora pada ngalap pitutur kejaba wong wong kang pada nduwe akal sampurna [QS:Al-Baqoroh/2:269], Ulul albab punika tiang ingkang gadah akal, maka angen-angena ! kados pundi Alloh nafikaken *tadzakur (ngalap pitutur)* saking sanesipun tiang ingkang gadah akal.

\*\*\*

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.56 – 57)

Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad

Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.